

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 1.1 Desain Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 123) desain kuasi ékspérimén aya tilu rupa nya éta (1) *one shot study*; (2) *pretest-postest*; jeung (3) *static group comparison*. Desain nu dipaké dina panalungtikan ieu nya éta *pretest-postest*. Ieu panalungtikan dilakukeun ku cara méré *pretest* tuluy dibéré *treatment* pikeun ngalatih kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta kalayan ngagunakeun média gambar peristiwa, tuluy diayakeun *postest*. Mékanisme panalungtikan ieu digambarkeun di handap:

O <sub>1</sub>	X	O <sub>2</sub>
----------------	---	----------------

Arikunto (2010, kc. 123)

Katerangan:

O<sub>1</sub> : *Pretest* (hasil panalungtikan saméméh perlakuan)

X : *Treatment* (diajar nulis warta ngagunakeun média gambar peristiwa)

O<sub>2</sub> : *Postest* (hasil panalungtikan sabada perlakuan)

Saluyu jeung tujuan panalungtikan, ieu desain digunakeun pikeun ngukur média gambar peristiwa dina kamampuh nulis warta siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Lembang, taun ajaran 2016/2017.

#### 3.2 Subjék Panalungtikan

Anu jadi subjék dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Lembang Taun Ajaran 2016/2017. Sabab kamampuh siswa anu masih héngkér dina nulis warta.

### 3.3 Sumber Data

Sumber data nya éta sakabéh subjék anu ditalungtik. Sumbér data dina ieu panalungtikan nya éta hasil tulisan nu mangrupa warta nu di tulis ku siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Lembang taun ajaran 2016/2017 anu jumlahna 39 siswa, ngawengku 18 lalaki jeung 21 awéwé. Sumber datana digambarkeun dina tabél di handap.

Tabél 3.1  
Data Siswa SMP Negeri 1 Lembang

Kelas	Jenis Kelamin	Jumlah
VIII G	Lalaki	18 Siswa
	Awéwé	21 Siswa
Jumlah		39 Siswa

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan kawilang penting dina prosés panalungtikan, sabab kahontal henteuna tujuan panalungtikan ditangtukeun ku alus atawa henteuna instrumén anu digunakeun ku panalungtik. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tés. Tés mangrupa runtuyan patalékan atawa latihan sarta alat anu digunakeun pikeun ngukur kaparigelan, pangaweruh intelegensi, kamampuh atawa bakat anu dipiboga ku individu atawa kelompok (Arikunto, 2010, kc.193).

Téhnik tés ieu dipaké pikeun meunangkeun data kamampuh siswa dina nulis warta saméméh ngagunakeun média gambar peristiwa jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa. Tés tulis anu kahiji nya éta pre-tés anu mangrupa tés awal sabada ngagunakeun média gambar peristiwa. Nu kadua nya éta pos-tés anu mangrupa tés ahir sabada ngagunakeun média gambar peristiwa.

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa diténan saperti ieu di handap.

1) Instrumén panalungtikan (*pretest & posttest*)

Pék ku hidep jieun hiji warta, kalawan niténan katangtuan ieu di handap!

1. Pilih salah sahiji topik warta, anu pilihanna:
  - a) Kamacétan di Lembang nalika usum liburan
  - b) Longsor di Lembang
  - c) Banjir di Kota Bandung
  - d) Angklung's Day 2016
2. Jieun warta nu eusina ngeunaan topik kalawan niténan unsur-unsur warta (5W+1H), jeung kaidah-kaidah warta séjénna.

## 2) Média Gambar Peristiwa

Instrumén média gambar peristiwa mangrupa instrumén nu pangpentingna dina ieu panalungtikan. Kusabab, média gambar peristiwa mangrupa média nalika nepikeun matéri ka siswa tur mantuan siswa nalika miga tés nulis warta dina postés. Média gambar peristiwa nu di paké dina ieu panalungtikan aya opat, nya éta ngeunaan ieu di handap.

- (a) Kamacétan di Lembang Nalika Usum Liburan
- (b) Longsor di Lembang
- (c) Banjir di Kota Bandung
- (d) Angklung's Day 2016

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Prosedur panalungtikan kawilang penting dina panalungtikan, lantaran dina prosedur panalungtikan téh nétélakeun léngkah-léngkah anu bakal dilaksanakeun ku panalungtik.

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta pamarekan kualitatif anu ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, desain anu dipaké nya éta ngagunakeun desain *pretest-posttest*.

Sangkan leuwih jéntré, prosédur panalungtikan bakal ditétélakeun deui di handap.

### 1) Tatahar

Saacan ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngayakeun wawancara jeung Guru Bahasa Sunda SMP Negeri 1 Lembang ngeunaan masalah anu karandapan ku siswa saluyu jeung kompetensi dasar kurikulum 2013 dina pangajaran Basa Sunda. Panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun pikeun ngungkulan masalah ngagunakeun média pangajaran anu merenah. Média anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta média gambar peristiwa pikeun ngungkulan masalah kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta.

Dina ieu panalungtikan katitén aya dua variabel nya éta variabel bébas jeung variabel kauger. Variabel bébas nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel lianna, sedengkeun variabel kauger nya éta variabel anu dipangaruhan ku variabel bébas.

Anu jadi variabel bébas dina ieu panalungtikan nya éta média gambar peristiwa anu mangaruhan, sedengkeun variabel kauger dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Lembang dina pangajaran nulis warta.

### 2) Ngalaksanakeun Panalungtikan jeung Ngumpulkeun Data

Sanggeus kapanggih masalah nu aya di SMP Negeri 1 Lembang kelas VIII G, fungsi tina panalungtikan ka kelas, nya éta pikeun ngumpulkeun data. Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik tés. Tés dilakukeun dua kali, nya éta tés awal jeung tés ahir. Tés awal dilakukeun saméméh “perlakuan”, tujuanna pikeun mikanyaho kamampuh nulis warta saméméh ngagunakeun média gambar peristiwa, sedengkeun tés ahir dilaksanakeun sabada ”perlakuan”, nu tujuanna pikeun mikanayaho kamampuh siswa dina pangajaran nulis warta sabada ngagunakeun média gambar peristiwa.

Léngkah-léngkah nu dilaksanakeun dina téhnik ngumpulkeun data aya sababaraha tahapan, nya éta:

- a. siswa napelkeun gambar nu geus dipilihna dina LKS (*Lembar Kerja Siswa*) nu séwang-séwang;

- b. siswa dibagi jadi 12 kelompok nu masing-masing 3-4 urang dumasar kana saruana gambar nu dipilihna;
- c. unggal kelompok ngadiskusikeun définisi konsép gambar nu dipilihna sarta dianalisis;
- d. sacara kelompok, siswa ngadéskripsikeun naon-naon nu aya dina pikiranna ngeunaan gambar peristiwa nu dipilihna;
- e. unggal kelompok mulai nulis wartana;
- f. unggal kelompok sacara gantian dibéré kasempetan macakeun wartana;
- g. guru mariksa hasil nulis warta unggal kelompok ditilik tina unsur eusi, éjahan, kosakecap jeung diksi, struktur panulisan, sarta komposisi; jeung
- h. siswa merhatikeun pedaran guru ngeunaan hasil nulis warta unggal kelompok

Bédana kamampuh nulis warta nu dipimilik ku sumber data saméméh jeung sabada “perlakuan” bisa katitén dina babandingan skor *pretest* jeung *posttest* ngaliwatan ieu panalungtikan.

### 3) Nganalisis Data

Data anu geus aya nya éta data *pretest* jeung *posttest*. Dina ieu tahap, panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistik.

### 4) Kacindekan

Sanggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh prosés anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

## 3.6 Analisis Data

### 3.6.1 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa kagiatan nganalisis jeung ngolah data. Kagiatan nganalisis jeung ngolah data minangka cara anu digunakeun pikeun nyangking jawaban tina pasualan dina ieu panalungtikan. Ngolah data miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil tina *pretest* jeung *posttest*.

Desi Purnamasari, 2017

**MÉDIA GAMBAR PERISTIWA PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS WARTA**  
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Léngkah-léngkah tina téhnik ngolah data nya éta:

- 1) mariksa sarta nganalisis hasil nulis warta *pretest* jeung *posttest*.
- 2) méré peunteun kana hasil warta siswa kalawan ngagunakeun rumus:

$$P = \frac{\Sigma \text{ skor siswa}}{\Sigma \text{ skor maksimal}} \times 100$$

Katerangan: P = peunteun  
 $\Sigma$  skor siswa = jumlah peunteun siswa  
 $\Sigma$  skor maksimal = jumlah peunteun maksimal

Sangkan leuwih écés, peunteun ahir siswa ditabulasikeun dina tabél di handap:

Tabél 3.2  
 Pedoman Meunteun Nulis Warta

No	Aspék nu di Peunteun	Skala Skor	Kritéria
1	Judul warta	Judul warta kurang ngirut (10-13) Judul warta nu ngirut (14-17) Judul warta nu ngirut pisan (18-20)	10-20
2	Téras warta	Téras warta kurang hadé (10-13) Téras warta nu hadé (14-17) Téras warta nu hadé pisan (18-20)	10-20
3	Éjahan jeung Kosakecap	Éjahan jeung kosakecap kurang hadé (10-13) Éjahan jeung kosakecap nu hadé (14-17) Éjahan jeung kosakecap nu hadé pisan (18-20)	10-20
4	Eusi (5W + 1H)	Eusina kurang hadé (10-13) Eusina nu hadé (14-17) Eusina nu hadé pisan (18-20)	10-20
5	Panutup	Panutupna kurang hadé (10-13) Panutupna nu hadé (14-17) Panutupna nu hadé pisan (18-20)	10-20
Jumlah Skor			100

### 3.6.2 Uji Sipat Data

Pikeun nguji sipat data dilaksanakeun ku cara uji normalitas jeung uji homogenitas.

#### A. Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta data miboga sipat normal atawa henteu bisa ngagunakeun rumus *chi* kuadrat ( $X^2$ ).

Dina ieu panalungtikan uji normalitas ngaliwatan sababaraha léngkah saperti ieu di handap.

- a) Nangtukeun peunteun panggedéna jeung pangleutikna
- b) Ngitung *rentang* ( $r$ ) ngagunakeun rumus ieu di handap:

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

(Sudjana, 2005, kc.91)

- c) Nangtukeun jumlah kelas interval kalawan rumus:

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

Katerangan:  $k$  = lobana kelas  
 $n$  = lobana data (frékuénsi)  
 3,3 = bilangan konstan

(Sudjana, 2005, kc.47)

- d) Nangtukeun panjang kelas interval

$$P = \frac{r}{k}$$

Katerangan:  $P$  = panjang kelas (interval kelas)  
 $r$  = *rentang* (*jangkauan*)  
 $k$  = lobana kelas

(Sudjana, 2005, kc. 47)

- e) Nyieun tabél frékuénsi peunteun pretés jeung postés kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap:

Tabél 3.3

Format Frékuénsi Peunteun *Pretest* jeung *Posttest*

No	Kelas Interval	$f_i$	$x_i$	$x_i^2$	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
$\Sigma$						

- f) Ngitung rata-rata (*mean*) peunteun pretés jeung postés kalayan ngagunakeun rumus

$$\bar{X} = \frac{\Sigma f_i x_i}{\Sigma f_i}$$

Katerangan :

$\bar{X}$  = rata-rata (mean)

$\Sigma$  = jumlah (sigma)

$f_i$  = jumlah data

$x_i$  = nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc:70)

- g) Ngitung standar déviasi

$$sd = \sqrt{\frac{n(\Sigma f_i \cdot x_i^2) - (\Sigma f_i \cdot x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Katerangan : sd = standar déviasi

$\Sigma f_i \cdot x_i^2$  = jumlah frékuénsi nilai

n = jumlah subjék panalungtikan

- h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi, carana nya éta:

Nyieun tabél frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspéktasi



Tabél 3.4  
Format Frékuénsi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas Interval	O <sub>i</sub>	BK Handap	BK Luhur	Z <sub>itung</sub>	Z <sub>tabél</sub>	L	E <sub>i</sub>	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
Σ								

Katerangan: O<sub>i</sub> = frékuénsi obsérvasi

BK = batas kelas

Z<sub>itung</sub> = transformasi normal standar bébas kelas

Z<sub>tabél</sub> = nilai Z tina tabél distribusi data normal

L = lega kelas interval

E<sub>i</sub> = frékuénsi ékspéktasi

χ<sup>2</sup> = chi kuadrat

- (1) nangtukeun O<sub>i</sub> (frékuénsi obsérvasi), nya éta lobana data anu asup kana hiji kelas interval
- (2) nangtukeun batas kelas (BK)
- (3) ngitung Z<sub>itung</sub>

$$Z = \frac{(BK - \bar{x})}{SD}$$

- (4) nagtukeun Z<sub>tabél</sub>
- (5) ngitung lega kelas interval (L)

$$L = Z_{\text{tabél}1} - Z_{\text{tabél}2}$$

- (6) ngitung frékuénsi ékspéktasi (E<sub>i</sub>)

$$E_i = n \times L$$

- (7) nangtukeun chi kuadrat (χ<sup>2</sup>)

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

(8) nangtukeun darajat kabébasan (dk)

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc.293)

(9) nangtukeun harga  $\chi^2_{\text{tabel}}$ 

(10) nangtukeun normalitas ngagunakeun kritería ieu di handap:

(a) lamun  $\chi^2_{\text{itung}} < \chi^2_{\text{tabel}}$ , hartina data atawa populasi distribusina normal.(b) lamun  $\chi^2_{\text{itung}} \geq \chi^2_{\text{tabel}}$ , hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

## B. Uji Homogénitas

Uji homogénitas nya éta uji sipat data nu tujuanana pikeun mikanyaho homogén henteuna sampel tina populasi anu sarua. Léngkah-léngkah pikeun nangtukeun homogénitas nya éta saperti ieu di handap.

a) Ngitung variasi masing-masing kelompok

Variasi pretés

$$S_1 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

Variasi postés

$$S_2 = \frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}$$

(Sudjana, 2005, kc. 95)

b) Ngitung harga variasi (F)

$$F = \frac{\text{Variasi anu leuwih gedé}}{\text{Variasi anu leuwih leutik}}$$

(Sudjana, 2005, kc.250)

c) Ngitung darajat kabébasan (dk)

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005, kc. 146)

- d) Nangtukeun harga  $F_{\text{tabél}}$
- e) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.
- (1) Saupama  $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ , hartina variasi sampel homogén.
  - (2) Saupama  $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ , hartina variasi sampel teu homogén.

(Sudjana, 2005, kc. 250)

### 3.6.3 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun naha aya béda anu signifikan tina hasil pratés jeung postés. Hasil tina uji gain bisa meunangkeun gambaran ngeunaan éféktifitas digunakeunana média gambar peristiwa dina nulis warta siswa kelas VIII G SMP Negeri 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.

Léngkah-léngkah nu dilakukeun dina uji gain nya éta ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.5

Uji Gain (d) Tingkat Kamampuh Nulis Warta

No.	Peunteun Pratés	Peunteun Postés	d	d <sup>2</sup>
1.				
2.				
$\Sigma$				

Keterangan:

d= daya pembéda

$\Sigma$ = jumlah

### 3.6.4 Uji Hipotésis

Nurutkeun Arikunto (2010, kc.110), hipotésis asalna tina kecap “hipo” anu hartina di handap jeung “tesis” anu hartina bebeneran. Jadi, hipotésis nya éta dugaan anu can tangtu bener, bisa disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan hiji panalungtikan. Dina uji hipotésis aya dua cara. Kahiji, saupama data hasil uji normalitas nuduhkeun yén éta data miboga distribusi data anu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik paramétris kalawan ngagunakeun uji t-tés. Kadua, saupama data hasil uji normalitas téh némbongkeun yén data miboga distribusi anu teu normal, dina nguji éta data hipotésisna ngagunakeun statistik non paramétris kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

#### A. Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data miboga distribusi anu normal. Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ngitung rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil pretés jeung postés.

Rumusna nya éta:

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 350)

- 2) Ngitung darajat kabébasan (dk), rumusna nya éta:

$$dk = n - 1$$

(Sudjana, 2005, kc. 146)

- 3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi, rumusna nya éta:

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(Arikunto, 2010, kc. 351)

- 4) Ngitung t, rumusna nya éta:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Keterangan:

$t$  = tés signifikasi

$Md$  = rata-rata (*mean*) tina béda antara hasil tés awal jeung tés ahir

$\sum x^2 d$  = jumlah kuadrat déviiasi

$n$  = jumlah subyék dina sampel

(Arikunto, 2010, kc. 350)

5) Ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria-kritéria ieu di handap.

a. Lamun  $t_{itung} > t_{tabél}$  hartina hipotésis ditarima, yén aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa ka siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.

b. Lamun  $t_{itung} < t_{tabél}$  hartina hipotésis ditolak, yén teu aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa ka siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.

## B. Statistik Non-Paramétris

Statistik Non-Paramétris digunakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji *Wilcoxon*.

Sudjana (2005, kc. 450) nétélakeun yén léngkah-léngkah uji *Wilcoxon* nya éta:

- 1) asupkeun peunteun pratés siswa kana kolom ka 2 (XA1);
- 2) asupkeun peunteun postés siswa kana kolom ka 3 (XB1);
- 3) itung bédana antara pratés jeung postés ku cara XA1 – XB1 tuluy asupkeun kana kolom ka 4;
- 4) nangtukeun jenjang ku cara natahan hasil béda tina kolom ka 4 ti mimiti nilai béda anu pangleutikna nepi ka anu panggedéna;

- 5) sanggeus disusun (misalkeun aya nilai anu sarua), pikeun nangtukeun jengjangna éta nilai tuluy dijumlahkeun tuluy di bagi dua, nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jengjangna;
- 6) sanggeus disusun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka 5;
- 7) ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka 6, misalna aya nilai béda anu negatif asupkeun kana kolom ka 7;
- 8) tingali kana tabél harga-harga kritis uji *Wilcoxon*, misalna jumlah  $n=23$  kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5%  $W_{\text{tabél}} = 73$ ;
- 9) data anu geus diitung tuluy diasupkeun kana tabél uji *Wilcoxon* ieu di handap

Tabél 3.6

Tabél Uji *Wilcoxon*

No	XA1	XB1	Béda	Tanda Jenjang		
				Jenjang	+	-
			XA1-XB1			

Keterangan:

XA1 = peunteun pratés

XB1 = peunteun pretés

- 10) ditarima henteuna hipotésis dina uji *Wilcoxon* ngagunakeun kriteria ieu di handap.
  - a. Saupama  $W_{\text{itung}} < W_{\text{tabél}}$  dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina  $H_a$  ditarima, yén aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa ka siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.

- b. Saupama  $W_{itung} > W_{tabel}$  dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina  $H_0$  ditolak, yén teu aya béda nu signifikan antara kamampuh nulis warta saméméh jeung sabada ngagunakeun média gambar peristiwa ka siswa kelas VIII G SMPN 1 Lembang taun ajaran 2016/2017.